# Ajiniyaz atindag'i No'kis ma'mleketlik pedagogika instituti

*Baslawish ta'lim metodikasi kafedrasi*

*M.Ayimbetovtin'*


# «Lingvistikaliq informatikanin` semiotikaliq tiykarlari» pa'ninen prezentatsiyasi

**Nukus 2015**

# Lingvistikalıq belginin` ulıwma du`zilisi

Lingvistikalıq belgiler haqqında bir qatar klassikalıq jumıslar orın alg`an bolıp, ol ha`zirgi ku`nge deyin o`z a`hmiyetin jog`alıtqanınsha joq. Atap aytqanda Pirs, Frege, Ferdenant de Sossyur mine usıllar Lingvistikalıq belgini klassikalıq du`zilisin anıqlap bergen. Solardın` ishindegi ayrıqsha ko`zge ko`ringen ilim-izertlew jumıslarının` na`tiyjesi F. de Sossyurdın` jumıslarında sa`wlelengen. Ol belgiler sisteması to`mendegi qurılısqa iye dep ta`ripleydi. Yag`nıy F. de Sossyur belgileniwshi sıpatında adamnın` miyinde sa`wlelengen belgili bir ob`ektti ug`ım yamasa tu`sinik sıpatında qabıl etken.




4-su`wret. F. de Sossyur belgiler sisteması

Demek, F. de Sossyurdin` ko`rsetken sxeması adamnın` oyı menen g`ana sheklenip ta`biyattag`ı ob`ekt penen signallardı lingvistikalıq belgiler du`zilisine kiritiwdi esapqa almag`an. Keyingi XX a`sirdin` 80-jıllarında Cankt-Peterburglıq alım Raymond Genrixovich Piotrovskiy a`lemdegi ob`ekt ha`m protsesslerdi ha`m signallardı Lingvistikalıq belgiler du`zilisine kirgizedi. Onın` aytıwına qarag`anda, ta`biyattag`ı ob`ekt penen signallardı baylanıstırıwshı bul adam dep esaplaydı. Egerde, adam bolmag`anda, ulıwma lingvistikalıq belgilerdin` de ulıwma ju`zege kelmeytug`ınlıg`ında atap ko`rsetken. Endi R.G Piotrovskiy– du`zip shıqqan lingvistikalıq belgiler sistemasının` du`zilisin qarap shıg`ayıq.

5-su`wret. R.G Piotrovskiy lingvistikalıq belgileri sistemasının` ulıwma du`zilisi. Bul du`ziliste ta`biyattın` bir ob`ekti bolıp esaplanatug`ın «Eshki» R0 qatnas arqalı adamnın` miyinde sa`wlelenedi. R* qatnas arqalı sa`wlelenetug`ın ob`ekt (bizlerdin` mısalımızda bul eshki) 4 ha`ripten turatug`ın belgili bir ta`rtiptegi jaylasqan shınjırları arqalı belgilenedi.
R0-1 qatnası arqalı belgilengen ob`ekt $\alpha i$ signalı formasında a`tirapqa tarqaladı yamasa o`z ma`nziline jetkeriledi.

Bul du`ziliste a`lemdegi ob`ekt penen signaldı baylanıstırıwshı ob`ekt – bul adam. Egerde de ta`biyatta adam jaratılmag`anda ob`ekt penen signal arasında hesh qanday baylanıs ornatılmaydı.

Bunday jag`dayda ulıwma lingvistikalıq belgiler ju`zege kelmeydi.




5-su`wret. R.G.Piotrovskiydin` til belgiler sisteması.


Функция
f (x)
Өзгермес сан
постоянная величина
Өзгериўши шама
Переменная величина
бир
один
1
жети
семь
7
жүз
сто
100
Жети ешки
Семь козлов
Жети түйетаўық
Семь индюков
Ҳәптениң жети күни
Семь дней недели



6-su`wret. Matematikalıq belginin` du`zilisi

Belgileniwshi ta`biyattag`ı ob`ektlerden, adamlar arasındag`ı qatnaslar, qubılıslar menen protsesslerdin` adam sanasındag`ı sa`wlesi bolıp esaplanadı. Bunnan basqa ol a`lemdegi joq ob`ektlerdi de o`zishine aladı. Bul ob`ektler bizin` sana sezimlerge qıyalıy formada sa`wlelenedi. Ma`selen: Da`w, jin, shaytan sıyaqlı ob`ektler o`zleri  joq bolsa da bizlerdin` sana sezimimizde qıyalıy obraz tu`rinde  sa`wlelenip o`z-ara baylanıs kommunikatsiyalarına kirip otıradı.

# Lingvistikalıq belgiler sistemasının` graf, du`zilisi

7-su`wrette belgileri sistemanın` graf du`zilisin ha`r ta`repleme qarastırıp o`teyik. Onda  referent bolıp esaplanadı.

$$r_j ; r, r_2 , r_3 ,... r_j , r_{j+1}$$

$$j : (\overline{1, n}$$

***Referent degenimizde*** – a`lemdegi ba`rshe ob`ektler toplamı.

Ma`selen: parta, stol, stul, kafedra ha`m t.b.

Sonday-aq, referentler toplamına a`lemdegi ba`rshe qubılıslardı, waqıyalardı, qatnaslardı ha`m protsesslerdi jatqıza alamız. Sonday-aq bul ug`ımg`a a`lemdegi joq ayırım ob`ektlerdi de jatqara alamız. İlimiy texnikalıq terminologiyalarda ba`rshe ob`ektler qubılıslar, protsesslerdi ha`m qatnaslardı semiotika tilinde referent dep ataladı. Bul jerde sonı da na`zerde tutıwımız kerek adam balası a`lemdegi ba`rshe ob`ektlerdi, qubılıslardı ha`m qatnaslardı bir waqıttın` o`zinde qabıl ete almaydı. Ol do`gerektegi ob`ekt qubılıs ha`m qatnasıqlardı miyinde izbe-iz tu`rde sa`wlelendire aladı.

Sol sebepli qarastırılıp otırg`an graf du`ziliste  to`meninde *j* indeks qoyıladı. Og`an ma`nis beriw arqalı a`lemdegi ob`ektlerdi, adamlar arasındag`ı qatnasıqlardı, qubılıslardı ha`m protsesslerdi izbe-iz an`latıw mu`mkin.

R0 – qatnas arqalı  referenti adamnın` sana seziminde sa`wlelenedi. Onı sha`rtli tu`rde  tu`rinde an`latamız. Demek sa`wlelenegen  bizlerdin` jag`dayımızda belgileniwshi bolıp esaplanadı.

R* – qatnas arqalı m*i* belgileniwshisi  tu`rinde belgilenedi.
 Belgilewshi sıpatında bizlerdin` jag`dayımızda  ha`rip
dizbeklerinen du`zilgen so`z yamasa so`z formaların
ayta alamız.
R0-1 qatnası arqalı α*j* signal bolıp belgilewshi jazıw
 yamasa dawıs arqalı o`z ma`nziline jetkeriledi.
Bul jerde u`zik sızıqlar menen ko`rsetilgen
4-mu`yeshlilik adamnın` atqaratug`ın funktsiyası
do`geregi bolıp esaplanadı.




7-su`wret. Til belgiler sistemasının` graf du`zilisi.

- A`lemdegi ob`ektler menen signalardı baylanıstırıwshı bul adam bolıp
- esaplanadı. Egerde adam bolmasa, a`lemdegi ob`ektler menen signallar
- arasında hesh qanday baylanıs ornatılmaydı. Bul baylanıstı ornatıwshı
- tiykarg`ı ob`ekt adam bolıp esaplanadı. Demek, 7-su`wret arqalı belgiler
- sistemasın` graf du`zilisine aydınlıq kirittik.
- referent belgileniwshi ***ai*** beglilewshi ***ai*** – signal xızmetlerin
- an`latıwshı
- belgiler.
- bolsa referent, belgileniwshi, belgilewshi ha`m signal
- arasındag`ı qatnasıqlardı an`latıwshı sha`rtli belgiler bolıp esaplanadı.

**Denotat, Designant, Konnotat haqqında tu`sinik**

Belgilewleniwshinin` ta`biyg`ıy du`zilisi belgilewshige qarag`anda anag`urlım quramalı bolıp keledi. Sebebi, belgileniwshi o`z-ara baylanıs kommunikatsiyaların a`melge asırıp atırg`an waqıtta o`zinde bir neshe funktsiyalardı a`melge asıradı. Anıg`ıraq qılıp aytqanda, birinshiden denotat, ekinshiden designant, u`shinshiden konnotat funktsiyaların a`melge asıradı. İlimiy texnikalıq tekstlerde Denotot Dn, Desigant Ds, Konnotat Cn menen belgilenedi.

# *Denotat*

– degenimiz bul ta`biyattag`ı referentlerdin` bir-birinen ajıralmag`an tu`rdegi adamnın` sanasındag`ı sa`wlesi. Designant – ob`ekt sa`wlelenip bolıng`annan keyingi referent haqqındag`ı tu`sinikler ko`pligi.

# *Konnotat*

– sa`wlelengen ob`ekt haqqındag`ı tu`sinikler toplamının` ja`mlesip bolg`annan keyingi ju`zege kelgen emotsionallıq obraz bolıp esaplanadı.

Ma`selen, I blokta referent sa`wlelenedi. 3-su`wret. Bul jerde denotat o`z funktsiyasın a`melge asıradı. Onnan keyin belgiler sisteması II blokka ko`shedi. Bizlerdin` jag`dayımızda II blok xızmetin designant atqaradı. Berilgen mısalda designant blogi sa`wlelengen referent haqqındag`ı yamasa basqasha so`z benen aytqanda belgileniwshi haqqındag`ı tu`sinikler toplamı qa`liplesedi.

Ma`selen «eshki» bul u`y ja`niwarları haqqındag`ı tiyisli ug`ımlar qa`liplesedi. Designant blogi o`z funktsiyasın atqarıp bolg`annan keyin III blokqa ko`shedi. Bul blokta referent haqqında emotsionallıq ha`r qıylı obrazlar qa`liplesedi. Demek, u`shinshi bolk – konnotat bolıp esaplanadı.